



**YAYASAN KARYA BAKTI CABANG YOGYAKARTA
SEKOLAH MENENGAH PERTAMA
KARITAS NGAGLIK
TERAKREDITASI**

Alamat: Nandan, Sariharjo, Ngaglik, Sleman, Yk. Telp. (0274) 624813

**PENILAIAN TENGAH SEMESTER 2
Tahun Pelajaran 2020/2021**

Mata Pelajaran : B.Jawa
Kelas : VIII(Delapan)
Hari/Tanggal : Kamis, 18 Maret 2021
Waktu : 10.00 – 11.00

Jawab pitakonan ing ngisor iki kanthi ketik A, B,C, D ana ing kolom biru!

- Ing ngisor iki kang kalebu paugerane geguritan yaiku
 - kanggo nambah kaendahan basa bisa nggunakake purwakanthi
 - kaiket dening guru gatra lan guru wilangan
 - luwih ngutamakake cacahing pada
 - isine monoton
- Nalika gawe geguritan kudu nganggo tembung kang mentes. Apa tegese tembung kang mentes iku
 - tembung kang waton apik
 - tembung kang ana isine
 - tembung kang dawa
 - ringkes
- Teks geguritan mau bisa sliramu waca kanthi nggatekake solah bawa utawa obahing awak. Luwes, ora kaku, trep karo isine geguritan. Kang mangkono iku, ateges sliramu nggatekake
 - wirama
 - wicara
 - wirasa
 - wiraga
- Manawa maca geguritan kanthi pocapan kang cetha, ora groyok, pelo utawa rangu-rangu, lan bisa ngucapake aksara kanthi bener, umpamane mbedakaken aksara (a, â, i, o, è, é, ê, ta, tha, da, dha), mangkono iku tegese nggatekake
 - wirama
 - wicara
 - wirasa
 - wiraga
- Budi maca geguritan kanthi tema perjuangan, pamacane gurit sora lan semangat, beda beda karo yen maca geguritan isi kesusahan, pamacane luwih alon lan sareh. Bab iki ateges Budi bisa ngecakake
 - wirama
 - wicara
 - wirasa
 - wiraga
- Mengkono uga babagan wirasa uga aja dilalekake amarga wirasa iku
 - lirih lan serone swara
 - cetha lan orane swara
 - rasa pangrasane pocapan
 - munggah mudhune swara



7. Kang perlu digatekake nalika arep maca geguritan ing ngisor iki yaiku.
- analisis penganggit
 - spontan anggona maca
 - ora kudu gladhen dhisik
 - mbedhah isine geguritan
8. Sadurunge maca ana ing ngarep kelas, geguritan mau perlu dingerteni karep lan isine naskah (ditafsirkan),apa seneng, sedhih, lara, semangat, nesu. Kegiatan mau diarani
- Nggoleki purwakanthi
 - Ngetung cacah gatra
 - Nggagapi isine geguritan
 - Ngerteni sapa sing ngarang

9. Gatekna geguritan iki!

Ron garing
Wengi sangsaya atis
Nalika aku sesingidan ing sajroning swara gamelan
Kang digawa dening angin
Prasasat tan kendhat
Anggonku kulak warta adol prungu
Ananging isih mamring
Aku wis pengin cecaketan
Obormu kang makantar-kantar
Madhang jangkah lan jagatku
Ana ngendi papanmu
Lelana tapa brata
Tanpa pawarta tanpa swara
Aku kadya ron garing
Kumleyang kabur kanginan
Ing jagat peteng lelimengan
Krasa luwih abot
Anggonku ngadhepi dina-dina ing ngarep
Mlakuku ora mantep
Kagubet ribet lan ruwet
Adoh saka cahyamu
Pedhut ing sakinding pandulu
Panjenengan
Guruku, sihku, oborku

- Geguritan kasebut nyritakake.
- Prihatine bocah sekolah nalika ngudi ngelmu.
 - Nyritakake bocah sing lagi mbantu wong tuwa.
 - Prihatine bocah sekolah nalika arep ulangan.
 - Nerangake bocah sing lagi mbantu guru.

10. Jare simbah aku kudu sekolah
Kareben dadi bocah genah mrenah ora nggladhar
Jare rama ibu aku kudu sregep mangkat
Kareben dadi wong pangkat urip ora kesrakat mlarat

~Budhi Setyawan~

- Pethikan saka geguritan kasebut nyritakake bocah kang kudu.
- Dadi wong sugih ngelmu lan banda
 - Sekolah supaya pinter lan minteri liyan
 - Dadi wong kang bener tur ora pener
 - Sekolah supaya dadi wong bener lan urip kepenak

11.

Aku wis pingin cecaketan
Obormu kang makantar-kantar
Madhangi jangkah lan jagatku

.....
Tembung makantar-kantar tegese

- A. kabar
- B. memper
- C. semangat
- D. ora mandheg

12. Rukun Agawe Santosa
Anggitane: R. Tantiningsih

Kadangku
Donya iki dudu duweku
Donya iki dudu duwekmu
Mula
Aja rebutan panguwasa
Aja rebutan bebener
Kadangku
Eling,
Aku lan kowe ora bisa urip ijen
Aku lan kowe kudu urip bebarengan
Sayuk rukun
Gotong royong
Bahu binahu
Adohna rasa drengki sreji
Jail methakil
Gedhekna rasa tepa selira
Urip bakal tentrem ayem

Tembung kadangku tegese

- A. anak
- B. biyung
- C. bapak
- D. sedhulur

13. Tegese tembung donya kang ana ing geguritan kuwi, yaiku

- A. danda
- B. banda
- C. duwit
- D. jagat

14. Tembang macapat iku cacahé ana 11, yaiku

- A. Mijil, Durma, Sinom, Pocung, Pangkur, Kinanthi, Gambuh, Megatruh, Suwe ora jamu, Dhandhanggula, Maskumambang
- B. Mijil, Ilir-ilir, Durma, Sinom, Pocung, Pangkur, Kinanthi, Gambuh, Asmaradana, Dhandhanggula, Maskumambang
- C. Mijil, Durma, Sinom, Pocung, Pangkur, Kinanthi, Gambuh, Megatruh, Asmaradana, Dhandhanggula, Maskumambang
- D. Mijil, Durma, Sinom, Pocung, Pangkur, Kinanthi, Gambuh, Megatruh, Asmaradana, Dhandhanggula, Menthok-menthok

15. Manungsa dikandhut dening ibu durung mangerteni lanang utawa wadon, slamet apa ora, cacat utawa sampurna dadi sakabehe isih ngambang mula banjur ana tembang

- A. Mijil
- B. Pangkur
- C. Kinanthi
- D. Maskumambang



16. Menawa nandang tresna biasane ngrasake sarwa nyenengake utawa sarwa manis, mula banjur ana tembang ☐
- A. Maskumambang
 - B. Dhandhanggula
 - C. Asmaradana
 - D. Pangkur
17. Sawise omah-omah kudu mangerti marang prakaryaning urip, kudu padha tambuhe mula tembange dijenengake ☐
- A. Kinanti
 - B. Gambuh
 - C. Asamaradana
 - D. Dhandhanggula
18. Tambah meneh umure wis saya adoh saka kadonyan, wis diakehi cerak marang Kang Maha Kuwasa kanggo ngadhepi akherat, mungkur saka kadonyan, mula banjur tembange ☐
- A. Megatruh
 - B. Gambuh
 - C. Pangkur
 - D. Durma
19. Cacahing gatra saben sapada diarani ☐
- A. guru lagu
 - B. guru gatra
 - C. guru sastra
 - D. guru wilangan
20. Apa kang diarani guru lagu iku? ☐
- A. dhong-dhinging swara ing saben pungkasaning gatra.
 - B. dhong-dhinging swara ing saben pungkasaning pada
 - C. cacahing wanda ing saben gatra
 - D. cacahing gatra ing saben pada
21. Cacahe wanda saben sagatra tembang macapat diarani ☐
- A. guru wilangan
 - B. guru gatra
 - C. guru swarad.
 - D. guru lagu
22. Jirak pindha mungging wana,
sayeng kaga we rekta kang muroni,
nyenyambi kalaning nganggur,
wastra tumrap mustaka,
pangikete wangsalan kang sekar pangkur,
baon sabin ing nawala,
kinarya langen pribadi.
- Miturut cacahing gatra asiling kasusastraning ndhuwur kalebu ☐
- A. tembang Sinom
 - B. tembang Pangkur
 - C. tembang Gambuh
 - D. tembang Maskumambang
23. Guru wilangan lan guru gatrane tembang iku yaiku ☐
- A. 8a 11i 8u 7a 12u 8a 8i
 - B. 8a 11i 8u 7a 12u 8u 8i
 - C. 8a 11i 8u 7a 12a 8a 8i
 - D. 8a 11i 8u 7a 12u 8a 8a

